

Yon Prensip Lidèchip Kritik



**“Si w kapab jwenn avantaj nan kritik konstriktif,
Yo va mete non w nan lis moun ki saj.” Pwovèb 15:31**

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

“Mwen rayi sa!” se repons ki pi komen pou mo kritik. Diksyonè defini l kòm « aksyon analize oswa jije.” Menmsi sa sanble etranj, nou kapab benefisyè nan biznis nou ak vi pèsònèl nou lè yo kritike nou. Benefis yo varye:

1. Vin saj—nou aprann de sa ki bon ak sa ki pabon.
2. Vin genyen yon pèspektiv ki pwisan paske nou konprann kritik.
3. Vin geyen yon bon jijman. — paske n ap pouswiv laverite olye pèsonalite. Enpòtans nou bay laverite dwe toujou pi gwo pase nenpòt santiman nou genyen pou moun k ap revele nou laverite.
4. Yon fwa nou vle grandi epi fè eksperyans bèl vi, nou t a dwe prepare nou pou nou tandekriitik. Men toudabò, nou dwe fè diferans ant mannyè lèzòm ak mannyè Bondye kritike. Yon teyori sou atitud mantal pozitif di konsa pagen bagay yo rele kritik konstriktif la. Yo deklare kritik se yon apwòch negatif de bagay yo. Men pwovèb nou li piwo a enplike ke genyen yon fason kritik kaab pwofitab. Di ke kritik pabon se menm bagay ak si w di nou pa kapab korije sa k pabon—sa pa bonsans.

Pèsonn pa renmen kritik, men Salomon mande pou nou pran avantaj nan kritik. Yon kritikè se yon moun k ap kritike epi fè akizasyon.

Yon kritik abityèlman se yon moun

yo rekonèt kòm yon moun k ap cheche fot ak yon atitud denigrè. Nan majorite ka nou p ap koute sa li ap di poutèt atitud li. Anpil moun pran yon atitif tanki moun ki pran kout pye nan men milèt; nou dwe konsidre sous la. Sepandan nou dwe rekonesan pou kritikè yo,—omwens yo genyen kouraj pou yo di sa yo panse. Gen lòt moun ki gendwa pans menm jan epi ki p ap janm genyen kouraj pou konfronte nou, sa ki fè nou rate yon okazyon pou nou grandi.

Si nou aksepte kritik, nou va pwofite. Kritik la gendwa pa vre, konsatou li kapab byen vre ! donk enpòtans la se nan koute li olye nou mezire l nan moun ki ap di li. Se sa Salomon t ap eseye di nou. Li di yo va mete non nou nan lis moun saj si nou aprann lè yo kritike nou.

Wi, kèk kritik kapab byen vini de moun k ap cheche defo e ki genyen yon movez atitud, men nou dwe kanmenm chwazi fè atansyon pou nou konsidere sa y ap di. Se gendwa yon bagay nou bezwen tande e ke zanmi nou p ap janm genyen kouraj pou di nou.

Donk, lè yo kritike nou, nou dwe mande tèt nou si genyen yon estanda oswa yon vale objektif ke nou vyole e ke kritik la denonse. Si se konsa, koube w, pa nesèsman devan moun nan men devan prensip la oswa valè a. itilize sa ki na kritik la pou pwogrese pèsònèlman. Sa w panse de verite sa a, “Moun ki renmen lwa a t a dwe jwenn trankilite epi anyen pa t a dwe ofanse yo » (Psòm 119:165). Sa vle di nou se bon bagay la, kritik pa kapab ofanse nou. Okontrè nou t a dwe rekonesan epi pran sa ankonsiderasyon.

Manje pou lespri ... yon moun te di si nou vle konnen kijan pou nou menmen bèl vi, mande yon kritikè—li kapab genyen de bon enstriksyon.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Genyen bagay ki ekstrèmman di, asye, yon dyaman, epi pou yon moun konn tèt li. Gendefwa nou bezwen yon kritikè pou ede nou.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifie avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete